

Nimewo 95

DEKRÈ EGZEKITIF

**ITILIZASYON TEKNOLOJI POU ANKOURAJE TRANSPARANS, AMELYORE PÈFÒMANS
GOUVENMAN EPI OGMANTE ANGAJMAN SITWAYEN YO**

LÈ N KONSIDERE, Eta a posede gwo kantite enfòmasyon ak rapò enpòtan sou tout aspè lavi nan Eta New York, tankou done sou sante, biznis, sekirite piblik ak travay, ak tou enfòmasyon sou transpò, pak, ak aktivite rekreyati; epitou

LÈ N KONSIDERE, nouvo teknoloji enfòmasyon chanje nèt jan moun yo chèche epi espere jwenn enfòmasyon, epitou teknoloji sa yo ka rasanble pi gwo kantite enfòmasyon epi pèmèt gouvenman bay piblik la enfòmasyon ak plis efikasite; epitou

LÈ N KONSIDERE, Eta a ka itilize zouti pisan sa yo pèmèt piblik la jwenn enfòmasyon gouvènman yo pi fasilman epi rann otorite nan Eta New York pi transparan yon fason pou ankouraje konfyans piblik la; epitou

LÈ N KONSIDERE, garanti kalite ak koyerans enfòmasyon sa yo esansyèl pou kenbe valè li ak itilite li;

KOUNYE A, kidonk, mwen, ANDREW M. CUOMO, Gouvènè Eta New York, akòz otorite Konstitisyon an ak Lwa Eta New York ban mwen, òdone sa ki endike anba la a:

A. Sitwèb sou Entènèt. Yon Sitwèb Enfòmasyon tou Louvri pou ranmasaj ak distribisyon piblik enfòmasyon, epi, depi sa posib, rapò Eta a ki pa Pibliye etabli nan dokiman sa. Sitwèb Enfòmasyon tou Louvri a dwe rete nan data.ny.gov ouben nan tout lòt sitwèb ki vinn apre, ki kenbe pa Eta a, ouben sou non li, jan Biwo Enfòmasyon Teknoloji Eta New York la nan tèt ansanm ak Biwo Gouvènè ak Gwoup kap Travay sou Enfòmasyon yo etabli sa pi ba. Sitwèb Enfòmasyon tou Louvri a pral bay aksè “inik” nan enfòmasyon Eta a ki ka Pibliye eki se pwopriyete antite Deta ki konsène yo kap kontwole, ranmase epi konsève yo jan sa defini nan dokiman sa, epi depi sa posib, rapò antite Deta ki konsène sa yo.

B. Definisyon. Jan tèm sa yo itilize nan dokiman sa a, yo dwe gen siyifikasyon ki endike anba la a:

1. “Antite Deta Konsène” vle di (i) tout ajans ou departman Deta ouben tout ofis, divizyon, biwo ouben konsèy ajans ouben departman yo, eksepte kote chèf ajans ou departman yo se pa Gouvènè a ki te nonmen l, (ii) tout konsèy, komite ouben komisyon Deta, ki gen omwen youn nan manm yo se Gouvènè a ki te nonmen l, epi (iii) tout konpayi likratif piblik, otorite ak komisyon piblik kote se

Gouvènè a ki nonmen Prezidan, Chèf Egzekitif la, ouben majorite Manm Konsèy la, eksepte pou Port Authority New York ak New Jersey.

2. “Direktè Enfòmasyon” vle di Direktè Enfòmasyon Eta New York nan Biwo Enfòmasyon Sèvis Teknoloji Enfòmasyon ouben yon moun yo deziyen.
3. “Enfòmasyon” vle di dènye vèsyon enfòmasyon statistik ouben faktyèl ki (i) nan fòm alfanimerik ki parèt sou fòm lis, tablo, graf, chat ou lòt fòm ki pa ekri, ki ka transmèt ouben trete dijitalman; (ii) regilyèman kreye ouben konsève pa ouben onon yon antite Leta konsène epi ki plase anba kontwòl antite sa; epi (iii) anrejistre yon mezi, tranzaksyon ouben detèminasyon anrapò ak misyon antite leta ki konsène a. Mo “enfòmasyon” pa kouvri fichye imaj tankou konsepsyon, desen, foto ouben kopi skane dokiman orijinal; atandike, sepandan, mo "enfòmasyon" an dwe gen ladan enfòmasyon statistik ouben faktyèl sou fichye imaj ak done ki nan sistèm enfòmasyon jeyografik.
4. “Ansanm enfòmasyon” vle di yon koleksyon ki gen yon non eki konsève nan yon dispozitif achiv, ak koleksyon an ki gen ladan done òganize ouben fòmate nan yon fason spesifik ouben kodifye, souvan sou fòm tabo.
5. “ITS” vle di Biwo Enfòmasyon Sèvis Teknoloji Eta New York
6. “Enfòmasyon ki ka Pibliye” se enfòmasyon yon antite Leta ki konsène ranmase kote antite a otorite, gen obligasyon ouben kapab rann enfòmasyon sa yo disponib pou piblik la, konfòmman ak nenpòt ouben tout lwa aplikab yo, règleman, règ, dekrè, rezolisyon, politik ouben lòt restriksyon, ekzijans, ouben dwa ki asosye ak enfòmasyon Eta a, san konte men pa limite nan sa sèlman, dekrè, restriksyon ouben egzijans kontrakyèl ou legal. Enfòmasyon pa dwe Enfòmasyon ki ka Pibliye si lè yo rann yo disponib sou sit la sa ta vyole stati ouben règleman (sètadi, divilgasyon ki ta ka konstitiye yon envazyon nan vi prive ki pa jistifye), mete sante ouben byennèt piblik la andanje, bloke fonksyonman gouvènman an, tankou investigasyon kriminel ak sivil, ouben enpoze yon tach finansye, operasyonèl ouben administratif undue sou antite deta ouben Eta ki konsène a;

C. Administrasyon Sitwèb Enfòmasyon tout Louvri a (Open Data)

1. Se ITS ki dwe administre Sitwèb Enfòmasyon tou Louvri a.
2. Direktè Enfòmasyon (“CDO”) a ak Direktè Teknoloji a nan ITS dwe kowòdone egzekisyon ak agrandisman Sitwèb Enfòmasyon tou Louvri a pou fasilite pataj enfòmasyon ak inisyativ kap soti nan devlopman ki baze sou Dekrè sa..
3. Sou 30 jou apre dat Dekrè sa, chak antite ki konsène dwe nonmen yon Kowòdonatè Enfòmasyon, ki pral: (i) gen menm otorite yon Sou Komisè ouben yon chèf divizyon ouben departman nan antite Deta ki konsène a; (ii) gen enfòmasyon ak resous antite a ap sèvi ak yo a; epi (iii) dwe responsab pou fè antite Deta ki konsène a respekte Dekrè sa.
4. Sou 45 jou apre dat Dekrè sa, ITS ak CDO a dwe etabli yon Gwoup kap Travay sou Enfòmasyon (“DWG”) ki fòme ak reprezantan ITS ak Divizyon Sekirite Enfòmasyon ITS, Biwo Sèvis Jenero Eta New York, Divizyon Bidjè, yon reprezantan Departman Deta ak ekspètiz nan otorite lokal ak omwen uit men pa plis pase douz Kowòdonatè Enfòmasyon, ki pral reprezante yon echantyon apwopriye antite Deta ki konsène yo. DWG a dwe asiste CDO a nan fè travay li konfòmman ak Dekrè sa.

D. Piblikasyon Enfòmasyon. Tout antite Eta ki konsène yo rann Enfòmasyon ki ka Pibliye yo disponib sou Sitwèb Enfòmasyon tou Louvri yo konsa epi konfòmman ak Manyèl Enfòmasyon tou Louvri ITS pral pibliye a:

1. Chak antite Eta ki konsène dwe kreye yon katalòg Enfòmasyon ki ka Pibliye yo 180 jou apre dat dekrè sa.
2. Chak antite Eta ki konsènei, sou 180 jou apre dat Dekrè sa, pwopoze yon orè bay ITS ak CDO a pou rann enfòmasyon Eta ki ka Pibliye li yo disponib pou piblik la. Orè sa yo pral disponib pou piblik la epi aktyalise katalòg done yo jan sa dwe fèt.

3. Chak antite Eta a konsène dwe kreye orè epi bay piblikasyon enfòmasyon priyorite konfòmeman ak direktiv ki etabli nan Manyèl Enfòmasyon tou louvri a.
- E. Opòtinite pou Lokalite Patisipe. Lokalite yo envite, ankouraje pou soumèt enfòmasyon nan Sitwèb Enfòmasyon tou Louvri an pou piblikasyon konfòmeman ak direktiv ki etabli nan Manyèl Enfòmasyon tou Louvri a. ITS dwe ede lokalite yo pou pèmèt yo itilize Sitwèb Enfòmasyon tou Louvri a. Asistans sa dwe gen ladani, men pa limite ak sa sèlman, asistans ak ekspètiz teknik, epi aranjman dwe fè pou varyasyon ki genyen ant kapasite ak ekipman otorite lokal yo.
- F. Manyèl Enfòmasyon tou Louvri. ITS, nan tèt ansanm ak DWG, pral pibliye konsèy pou antite Leta ki konsène yo sou egzekisyon Dekrè sa nan Manyèl Enfòmasyon tou Louvri a.
1. Manyèl Enfòmasyon tou Louvri adwel:
 - a. bay modèl ak direktiv pou antite leta ki konsène yo swiv lè yap kreye katalòg enfòmasyon yo;
 - b. gide antite Leta yo nan etabli yon orè pou piblikasyon inisyèl ak pèmanan enfòmasyon sou Sitwèb Enfòmasyon tou Louvri kap gen ladan, men pa sa sèlman, egzijans:
 - i. konsiltasyon ak direktè yo ak pèsonèl zafè piblik antite Eta konsènen an ouben biwo enfòmasyon piblik, legal ak Lwa sou Libète Enfòmasyon (“FOIL”);
 - ii. prioritizasyon piblikasyon enfòmasyon baze sou ki mezi enfòmasyon yo ka sèvi pou ogmante obligasyon pou rann kont antite leta a ak kapasite repons li, ogmante konèsans piblik la sou antite a ak operasyon li, anplis misyon antite a, kreye opòtinite ekonomik, ouben satisfè yon bezwen ouben demand kite idantifye apre konsiltasyon piblik;
 - c. founi enstriksyon pou idantifye ak egzamine Enfòmasyon Eta ki ka pibliye yo pa antite Leta ki konsène yo anvan piblikasyon;
 - d. bay menm estanda yo pou fòma enfòmasyon ki soumèt pou piblikasyon yo sou Sitwèb Enfòmasyon tou Louvri a;
 - e. defini kondisyon itilizasyon Sitwèb Enfòmasyon tou Louvri a;
 - f. bay denstriksyon sou patisipasyon ajans ak otorite ki pa fè pati antite leta ki konsène yoi ak patisipasyon lokalite yo;
 - g. bay konsèy sou piblikasyon enfòmasyon ekri, tankou rapò, epi
 - h. etabli lòt definisyon ak konsèy ki nesèsè pou egzekisyon Dekrè sa.
 2. Nan 90 jou apre dat Dekrè sa, ITS dwe pibliye yon Manyèl Enfòmasyon tou louvri pwovizwa. Nan 240 jou apre dat Dekrè sa, ITS dwe pibliye yon Manyèl Enfòmasyon tou louvri final.
 3. ITS ak CDO pral pibliye Manyèl Enfòmasyon tou Louvri pwovizwa ak final la atravè Sitwèb Enfòmasyon tou Louvri a. ITS dwe solitite ak konsidere kòmantè ak sijesyon ki gen rapò ak Manyèl la kap soti nan ajans, otorite lokal Leta ak piblik la.
 4. ITS ka fè chanjman tanzantan nan Manyèl Enfòmasyon tou Louvri a.
- G. Anons bay Piblik la sou Piblikasyon Pèmanan Enfòmasyon. Piblik la dwe enfòm sou ajou ak mizajou nan katalòg enfòmasyon ki genyen nan Sitwèb Enfòmasyon tou Louvri a.
- H. Patisipasyon Lòt Antite Leta. Ajans ak otorite Eta New York ki pa fè pati antite Leta ki konsène yo dwe gen otorizasyon, epitou ankouraje, pou soumèt enfòmasyon nan Sitwèb Enfòmasyon tou Louvri yo pou piblikasyon konfòmeman ak direktiv ki tabli nan Manyèl Enfòmasyon tou louvri a.

- I. Antite Leta ki kouvri ak tout lòt ajans, otorite ak lokalite pa dwe gen anpechman nan piblikasyon davans enfòmasyon sou dat ki nan kalandriye yo si enfòmasyon an jwenn apwobasyon ITS pou piblikasyon.

F È T anba siyati mwen ak So Prive Eta a nan Vil

Albany, nan onzyèm jou mwa mas nan
ane de mil trèz.

GOUVÈNÈ A

Sekretè Gouvènè a